

**Kontak :** [ayiti-seismes-contact@geoazur.unice.fr](mailto:ayiti-seismes-contact@geoazur.unice.fr)  
**Sit wèb :** <https://ayiti.unice.fr/osmose/>

socio-seismology in Haiti



socio-seismology in Haiti

OSMOSE se yon pwojè finanse pa Ajans rechèch Lafrans (ANR-21CE03-0010)



## Gid pou Sismo-sitwayen ak sismo-sitwayèn an Ayiti:

Kòman nou ka jwenn yon anplasman pou yon sismomèt epi konprann ENFÒMASYON ke li ap pwodwi yo?

## Men Enstitisyon ki travay ansanm nan pwojè sila a



Inite Rechèch nan Jewosyans, Fakilte  
Syans (ILA), Ayiti  
<http://www.urgeo.net/Home.aspx>



Inivèsite Côte d'Azur, CNRS, OCA, IRD, EDUMED  
Sophia Antipolis, LaFrans  
<https://geoazur.oca.eu/fr/acc-geoazur>



Ekòl Siperyè Enfòmatik Pòtoprens, Ayiti  
Haïti (WI)  
[informations@esih.edu](mailto:informations@esih.edu)



PRODIG, Inivèsite Paris 1, CNRS  
Paris, LaFrans  
<https://www.prodig.cnrs.fr/>



Sant sismilojik Euro-méditerranéen  
Bruyères le Châtel, LaFrans  
<https://www.emsc-csem.org/#2>



Inivèsite Leta AYITI (ILA),  
Pòtoprens, AYITI  
<https://www.ueh.edu.ht/facultes/fasch.php>



LAM, SyansPo Bordeaux, CNRS  
Bordeaux, LaFrans  
<https://www.lam.sciencespobordeaux.fr/>



Biwo Min ak Enèji (BME),  
Pòtoprens, AYITI  
[www.bme.gouv.ht](http://www.bme.gouv.ht)

## Objektif pwojè sila

Objektif pwojè OSMOSE lan se rive enstale ti aparèy sismograf lakay sitwayen ayisyen ki enterese. Pwojè a gen 2 gwo enterè :

- Konplete rezo SISMOLOJIK Ayisyen pou nou kapab rive ranmase enfòmasyon sou tranbleman tè sou tout tèritwa a.
- Rive evalye enpak SISMOGRAF yo sou jan moun yo konprann risk sismik ak enterè syantifik tranbleman tè kapab reprezante pou yon SITWAYEN ki ofri yon plas (ladesant) pou sismograf konsa a pou kominote li.

## Karakteristik pwojè a

- Pwodiksyon enfòmasyon sismolojik avèk patisipasyon sitwayen ki ap itil lasyans.
- Byen konprann pèsepsyon, reprezantasyon avèk bezwen popilasyon an ki an relasyon avèk sityasyon ayisyen an.
- Jwenn yon solisyon pou pwodiksyon ak difizyon enfòmasyon sou tranbleman tè yo ki ap sèvi tout moun.
- Ankouraje pou pwojè sa a pran rasin pou li kapab rete toutan gen tan.

## Kisa yon tranbleman tè ye?

Yon **tranbleman tè** oswa goudougoudou se yon glisman ki fèt sou yon fay ki nan kwout terès la. Glisman sila a pwovoke sekous oubyen vibrasyon ke yo rele **onn sismik** ki pwopaje nan tout wòch yo e ki pedi fòs li, **anplitid** li, a mezi ke li ap pran distans avèk fay la.

Si vibrasyon sa yo fò, moun kapab santi yo epi tou, yo kapab koze anpil dega nan batiman yo si batiman sa yo pa respekte **nòm parasismik** yo. Sekous yo ka trè kout e moun gendwa pa menm santi yo, menm jan tou, yo ka dire lontan e moun gendwa santi yo fò. Nan yon anviwonman kote batiman ak kay pa byen konstwi, kote popilasyon an pa pare, menm yon ti tranblemanntè kapab la koz gwo dega.

### Pawòl sismològ yo :

**Iposant** lan se kote glisman an komanse nan pwofondè anba tè, se sous tranbleman tè a.

**Episant** lan se pwen ki pi pwòch iposant lan sou sa yo rele sifas tè a.

**Mayitid** la se li ki se mezi fòs tranblemanntè a nan iposant la, li diferan de jan chak moun viv sekous yo kote yo ye a.

**Entansite** a se li ki se mezi vibrasyon tè a. Entansite a pa menm jan tout kote. Plis ou lwen fay lan, plis entansite a ap diminye (piti).

## Kijan ou ka kolabore ?

### Jwenn yon sismomèt Raspberry Shake



Yon sismomèt se yon aparèy ki mezire vibrasyon tè avèk yon gwo sansiblite. Li kapab anrejistre anpil ti vibrations (sekous) ke moun pa kapab santi.

Yon sismomèt se yon aparèy trè sansib ki anrejistre tout vibrasyon ki fèt anba tè a. Gen de ti sekous li kapab anrejistre ke yon moun pa kapab santi.

Pwojè "Osmose" la sèvi ak sismomèt "**Raspberry Shake**". Ti aparèy sa yo fasil pou itilize. Pou sa mache, fòk li plase yon kote ki gen kouran ak bon jan koneksyon entènèt. **Sismomèt Raspberry** a mande pou li yon kote trankil nan kay la. Enfòmasyon sismomèt la anrejistre yo, li voye yo sou yon òdinatè kote sismològ ap kapab itilize yo pou fè bon jan analiz.

### Rann vizib, konprann epi pataje enfòmasyon Raspberry a bay

## Ayiti-Séismes

Sou sit sa a, ou kapab wè tout tranbleman tè ki fèt an Ayiti an dirèk. Li genyen yon kat entèaktiv sou dènye tranbleman tè yo.

Ou kapab swiv an dirèk enfòmasyon sismomèt la ap bay yo : mayitid, lokalizasyon, pwofondè epi ki lè egzakteman tranbleman tè a fèt.

Ou kapab jwenn bon jan enfòmasyon sou sa ki rele tranbleman tè kòm konsepsyon angaje pou yon sitwayen

<https://ayiti.unice.fr/ayiti-seismes/>

## Gwoup Whatsapp la

Lè ou deside resevwa lakay ou yon sismomète RS, ou tou antre nan yon kominote sou fòm yon gwoup WhatsApp kote ou pral kapab kominike ak tout save ki patisipe nan pwojè a.

Sou gwoup sila a, ou kapab siyale nenpòt pwoblèm ou genyen nan fonksyonman sismomèt Raspberry a.

Dènye bagay, sou gwoup sa a ou kapab pran lapawòl pou bay temwayaj epi jwenn bon jan enfòmasyon si w santi tè a tranble.

## Kijan Raspberry Shake la fonksyone ?

### • Kijan pou w enstale li ?

Ti sismomèt la pa monte eskalye. Li dwe chita nan yon pyès, oubyen yon kote li pap pran sekous machin oswa moun ki ap pase. Aparèy sa yo sansib anpil. Yo konekte ak entènèt pa kab oswa pa WiFi.

### • Kijan w pran swen li ?

Sismomèt RS la pa mande okenn swen patikilye, li mache pou kont li. Sèl bagay, pa souke li ni pa deplase li. Si gen blakawout oswa si entènèt la tonbe, li ap reprann mach li pou kont li lè yo retounen.



### • Kijan ou relanse li ?

RS la gen dwa sispann fonksyone. Lè sa rive, yon sismològ nan pwòjè a dwe kontakte mèt kay la pou konnen si gen blakawout. Si se pa sa, se jis dekonekte epi rekonekte li ankò pou li fonksyone.

### • Kijan sa mache ?

Sismomèt RS yo pa boule plis kouran pase yon telefòn ki ap pran chaj. Yo pa mande anpil plis debi entènèt ke sa nou itilize chak jou pou flannen sou wèb la epi sou rezo sosyo yo, men fòk koneksyon an stab. Nan pwèn sekre nan fonksyonman li pou mèt kay la : se jis plòge epi li ap fonksyone.


### Avantaj pou enfòmasyon sismik : aplikasyon LastQuake

**LastQuake** se yon aplikasyon ki sèvi ak reyaksyon an liy pèp la lè yo santi gen yon tranblemanntè. Li pran sous tout kalte kote, tankou yon aplikasyon mobil, yon wobo, Twitter oswa yon sitweb.

Li bon pou bay **temwayaj, pataje** eksperyans epi **pran konesans sa lòt moun di** an dirèk.



## Rale sou risk sismik ann Ayiti



**Risk sismik** la pa piti an Ayiti. paske peyi a chita arebò 2 plak tektonik ki se :

- Plak Nò Amerik
- Plak Karayib

Ayiti gen plizyè **sistèm fay aktif** ki travèse li. Fay sa yo lakòz anpil katastwòf nan listwa peyi a. Nan Nò, **sistèm fay Septantriyonal** la mezire 800 kilomèt. Nan Sid, **sistèm fay Anrikiyo a** mezire plis pase 600 kilomèt.

## Lè w santi yon tranblemanntè, kisa pou w fè ?

Lè ou santi yonn oswa plizyè sekous, ou gendwa mande tèt ou si se yon sekous sismik. Gendwa se tande ou tande sa epi ou bezwen konnen si se vre. Kijan pou w fè lè konsa ?

### Pwoteje tèt ou an premye

#### Si ou anndan yon kay

- Apwoche w bò kote yon pout, oswa nenpòt poto beton nan kay la. Oubyen antre anba yon tab ki solid.
- Pa rete bò fenèt pou moso vit pa blese w.
- Men depi w kapab soti pa ezite rale kò w pou chape poul ou.

#### Si ou pa anndan kay

- Pa rete pre okenn fil elektrik. Kanpe lwen pon, bout mi ki pandye, fetay kay, elatrye.

#### Si w nan machin

- Kanpe machin nan, kanpe lwen tout kay, pinga soti anvan tout bagay fini.
- Veye si pa gen replik ak lòt sekous.

### Enfòmasyon ou ka jwenn, ou ka bay

- Tout moun kapab konsilte **sit Ayiti-séismes** pou li kapab jwenn enfòmasyon lè yon tranbleman tè rive. Mèt kay kote RS la fè ladesant la kapab jwenn enfòmasyon tou sou sit la.
- Ou kapab siyale sa lè w santi yon sekous kote w ye a si w sèvi ak **LastQuake** oswa Twitter.

Kijan pou sèvi ak sit

 yili-SEISMES

# Paj principal sit Ayiti-Seisme la

Home

Données scientifiques

- Catalogue
- Résultats scientifiques
- Webservices FDSN

Stations

- Stations

Informations

- Liens

Kazyè meni ki pèmèt ou chwazi ki jan de enfòmasyon ou bezwen sou sit la

Evénements dans la zone d'étude (7 derniers jours)  
Temps en heure locale (America/Port-au-Prince)

MAG

2.9	2023-02-08 19:20:05 (8h 41m)	7446 km   HAITI REGION	○
2.9	2023-02-08 03:03:55 (1j 57m)	7504 km   HAITI REGION	○
2.9	2023-02-07 07:19:12 (1j 20h ...)	7385 km   HAITI REGION	○
2.6	2023-02-07 05:22:44 (1j 22h ...)	7410 km   CUBA REGION	○
2.2	2023-02-07 03:21:55 (2j 39m)	7388 km   HAITI REGION	○
2.0	2023-02-07 03:09:19 (2j 52m)	7382 km   HAITI REGION	○
2.3	2023-02-06 21:58:41 (2j 6h 2...)	7350 km   DOMINICAN RE...	○
1.7	2023-02-06 21:06:22 (2j 6h 5...)	7329 km   DOMINICAN RE...	○
3.1	2023-02-06 20:10:42 (2j 7h 5...)	7333 km   DOMINICAN RE...	○
2.4	2023-02-06 16:39:06 (2j 11h ...)	7338 km   DOMINICAN RE...	○
2.7	2023-02-06 16:25:11 (2j 11h ...)	7447 km   HAITI REGION	○
2.3	2023-02-06 01:09:29 (3j 2h 5...)	7449 km   HAITI REGION	○
2.2	2023-02-05 17:25:48 (3j 10h ...)	7480 km   HAITI REGION	○
2.1	2023-02-05 10:15:36 (3j 17h ...)	7482 km   HAITI REGION	○
2.7	2023-02-05 09:52:43 (3j 18h ...)	7381 km   HAITI REGION	○
2.1	2023-02-05 02:37:25 (4j 1h 2...)	7190 km   DOMINICAN RE...	○

^ LÉGENDE

Magnitude

Evaluation de l'événement

□ ○ ✖

automatique séisme artificiel

Chak koulè bay yon nivo mayitid tranbleman tè a



Chak pwen sou kat la siyale yon tranbleman tè ki rive nan peryòd ke itilizatè a chwazi a e ke sèvis sismolojik la konfime

Chak rektang gen yon koulè ki koresponn ak mayitid tranbleman tè a. Li bay dat, lè ekzak ak kote li fèt la.

Kote pou w rive jwenn tout atik syantifik ki gen rapò ak lasyans kote sismo-sitwayen yo ap kolabore ak syantifik yo ak sit enstitisyon ki travay ansanm sou pwojè saa..

Chif ki ekri yo koresponn ak mayitid tranblemanntè a jan li te anrejistre a.

# Kijan pou ranseye w

Événements dans la zone d'étude (7 derniers jours)  
Temps en heure locale (America/Port-au-Prince)

MAG

2.9	2023-02-08 19:20...	7446 km   HAL...
2.9	2023-02-08 03:03...	7104 km   HAL...
2.9	2023-02-07 07:19...	7385 km   HAL...
2.6	2023-02-07 05:12...	
2.2	2023-02-07 03:09...	7388 km   HAL...
2.0	2023-02-07 03:09...	7382 km   HAL...
2.3	2023-02-06 21:58...	7350 km   DO...
1.7	2023-02-06 21:06...	7329 km   DO...
3.1	2023-02-06 20:10...	7333 km   DO...
2.4	2023-02-06 16:39...	7338 km   DO...
2.7	2023-02-06 16:25...	7447 km   HAL...
2.3	2023-02-06 01:09...	7449 km   HAL...
2.2	2023-02-05 17:25...	7480 km   HAL...
2.1	2023-02-05 10:15...	7482 km   HAL...

^ LÉGENDE

Magnitude

Évaluation de l'évènement

automatique sèisme artificiel

Kare a repranzante yon tranbleman tè ke sistèm nan detekte otomatikman men ke sèvis sismolojik la poko konfime.

Lè w klike sous yon rektang, li afiche ba w tout enfòmasyon ki gen rapò ak yon tranbleman tè

Tout estasyon ki anrejistre yon tranbleman tè konekte avèk yon liy avèk pwen ki reprezante tranbleman tè saa.

Ou gen dwa konsilte oswa telechaje sismogram yo

**HAITI REGION**  
L'Asile (19.4 km)

Type earthquake ✓

Magnitude 2.9 (M)

Date et heure  
2023-02-09 00:20:05 (UTC)  
2023-02-08 19:20:05 (GMT-5)

Latitude 18.46° N (+/- 2.9 km)

Longitude 73.58° W (+/- 1.9 km)

Profondeur 10 km (+/- 2.3 km)

RMS 0.48 s

#ID [s2rhait2023cthg](#)

Bulletin

Sismogrammes

Distans ant tranbleman tè a ak yon zòn

Tout estasyon ki anrejistre yon tranbleman tè konekte avèk yon liy avèk pwen ki reprezante tranbleman tè saa.

Ou gen dwa konsilte oswa telechaje sismogram yo


Enfòmasyon nan bon ti mamit ki gen rapò ak tranblemannt è o jwenn li isit la

# Konsilte estasyon an ak tout enfòmasyon li genyen

Lè w klike la a, li pèmèt ou wè an menm tan tout estasyon ki nan zòn ke itilizatè a seleksyone a.

stations avec dayplot

PR.AOPR	6951 km   latence: 26s
PR.LSP	6989 km   latence: -49s
CU.GRTK	7023 km   latence: 33s
LO.LONA2	7098 km   latence: 27s
AM.RE001	7106 km   latence: 391j 1...
DR.SC01	7158 km   latence: 1m 3s
AM.R4EEE	7174 km   latence: 412j 6...
DR.SDD	7175 km   latence: 42s
LO.LODA2	7220 km   latence: 28s
CU.SDDR	7234 km   latence: 32s
HY.NCAP1	7238 km   latence: 172j 5...
<b>HY.NCORM</b>	<b>7240 km   latence: 0s</b>
AY.CAPH	7243 km   latence: 16s
AM.REFAF	7256 km   latence: 516j 10h 4m ...
HY.NPIGN	7269 km   latence: 4j 8h ...
AY.HINH	7273 km   latence: 667j 16h 40...



Lis estasyon yo parèt ak tout non yo agoch ekran nan òd alafabetik ou byen an fonksyon de dènye dat depi yo ap fonksyone a. Koulè estasyon an tradwi dat depi ki lè li te konekte. Vèt vle di li konekte e li ap fonksyone. Wouj vle di li gen plis ke yon jou depi li pap fonksyone. Ble pou 30 jou, Nwa plis ke 60jou.



Lè w klike la a, w ap jwenn yon kat enteraktif ki bay a klè ki kote dènye tranbleman tè ke estasyon RS sa a enrejistre.



**HY.NCORM** Non estasyon an

latitude 19.78 ° N

longitude 72.23 ° W

altitude 51 m

latence 0s

Derniers séismes

Dayplot  
 channel  
 EHZ  
 date  
 2023-02-10

Tout enfòmasyon ki gen pou wè ak fonksyonman RS ou a, w ap jwenn li la a. Ou kapab chanje dat la, rann sismogram yo vizib, konnen ki reta done yo, elatriye.



# Katalòg la se gid pou lokalize yon tranblemanntè

Home

Données scientifiques

**Catalogue**

Résultats scientifiques

Webservices FDSN

Stations

Stations

Informations

Katalòg la pèmèt ou kontabilize (ak tout detay ki) tout tranbleman tèt ki fèt nan yon zòn avèk pandan yon peryòd ke itilizatè a li menm kapab chwazi .



Restorants - 31 Événements

Temps en heure locale (America/Port-au-Prince)

MAG

LEGENDE

Magnitude

Évaluation de l'événement

automatique sisme artificiel

2.7	2023-02-10 03:51:08 (2h 5m)	7416 km   HAÏTI REGION
2.6	2023-02-09 05:45:28 (1j 10m)	7453 km   HAÏTI REGION
2.4	2023-02-09 03:50:24 (1j 2h 3m)	7442 km   HAÏTI REGION
2.9	2023-02-08 19:20:05 (1j 18h)	7444 km   HAÏTI REGION
2.3	2023-02-06 10:01:23 (1j 19h)	7332 km   DOMINICAN RE...
2.9	2023-02-04 03:03:55 (2j 2h 3m)	7502 km   HAÏTI REGION
2.9	2023-02-07 07:19:12 (2j 22h)	7393 km   HAÏTI REGION
2.6	2023-02-07 05:22:44 (2j 33m)	7408 km   CUBA REGION
2.2	2023-02-07 03:21:55 (2j 2h 3m)	7388 km   HAÏTI REGION
2.0	2023-02-07 03:09:19 (2j 2h 4m)	7381 km   HAÏTI REGION
2.3	2023-02-06 21:58:41 (3j 7h 5m)	7348 km   DOMINICAN RE...
1.7	2023-02-06 21:06:22 (3j 8h 4m)	7327 km   DOMINICAN RE...
3.1	2023-02-06 20:10:42 (3j 9h 4m)	7332 km   DOMINICAN RE...
2.4	2023-02-06 16:39:06 (3j 13h)	7337 km   DOMINICAN RE...

Dates Derniers jours

7

Se ou ki deside sou ki peryòd w ap fè rechèch la

Début 2023-02-03 Fin 2023-02-11

Zone géographique min max

Latitude 17 20,5

Longitude -74,5 -71,5

Se ou ki deside tou zòn ke w ap fè rechèch la

Type d'événement

- tous les types
- séisme
- tir de carrière
- explosion
- indéfini

Ou kapab tou deside a ki pwofondè ak ki nivo mayitid ki entere w nan rechèch la

Profondeur [km] 0 200

Magnitude 0.5 6

Format de sortie

- Web
- Text (FDSN)
- CSV
- QuakeML

Isit la ou kapab chwazi eske se tranbleman tèt yo ou vle reprezante sou kat entèaktiv la. Ou byen èske se lòt evenman trankou: eksplozyon .. etc.

Ou jis seleksyone kritè ki koresponn ak sa w bezwen an, epi klike sou saa: kat la ap parèt

**ENVOYER**

